



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2.6 MILYON DOLA NAN AMANN KONT KONPAYI ASIRANS YO PASKE YO PA KOUVRI SÈVIS SANTE KONPÒTMANTAL YO KÒMSADWA**

***New York bay 2.6 milyon dola amann total pou senk konpayi asirans paske yo vyole règleman Eta a ak lwa peman sou tarif Medicaid***

***Refi ilegal rejim swen sante jere yo kreye obstak initil pou Nouyòkè yo k ap chèche swen sante konpòtmantal yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 2.6 milyon dola nan penalite kont senk plan swen sante jere Medicaid apre yon analiz konplè sou ranbousman reklamasyon sèvis sante konpòtmantal yo. Eta New York te enpoze amann sa yo apre konpayi yo te refize reklamasyon yo plizyè fwa ak yon fason ki pa apwopriye oswa yo pa te peye pou sèvis sante konpòtmantal espesyalize yo nan tarif lalwa egzije.

"Okenn Nouyòkè pa ta dwe fè fas a baryè ki pa nesèsè pou swen sante mantal, sitou si konpayi asirans yo pa respekte obligasyon legal yo genyen pou l kouvri sèvis esansyèl sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman pou l rann konpayi asirans yo responsab pou asire Nouyòkè yo kapab jwenn aksè nan swen sante mantal ak konpòtmantal enpòtan yo bezwen".

Amann yo ki soti [Rezilta Sondaj Plan Sante pou Refi Reklamasyon pou Sante Konpòtmantal yo](#), yon rapò Biwo Sante Mantal la konpile. Refi yo te pi souvan pou swen Tretman Kominotè Dinamik (Assertive Community Treatment, ACT) la te bay; Sèvis ki Vize Rekiperasyon Pèsonalize; Pwogram Ijans Sikyatrik Konplè, ospitalizasyon pasyèl; ak Sèvis nan Kay ak Kominote sou Sante Konpòtmantal pou Adilt.

Konpayi yo sanksyone yo enkli:

- **Affinity Health Plan, Inc.**, ki te resevwa amann **349,500 dola** paske li pa te bay sipèvizyon adekwat sou fonksyon jesyon delege epi li pa te ranbouse founisè yo nan tarif obligatwa yo.

- **Amida Care, Inc.**, ki te resevwa amann **232,000 dola** paske li te refize reklamasyon sante konpòtmantal yon fason ki pa apwopriye epi li pa te respekte kondisyon pou peye rapid yo.
- **EmblemHealth**, ki te resevwa amann **422,000 dola** paske li pa t korije reklamasyon ki pa apwopriye yo te refize yo epi li pa t peye reklamasyon yo nan tarif minimòm obligatwa yo.
- **MetroPlus HealthPlan, Inc.**, ki te resevwa amann **584,000 dola** paske li pa t peye reklamasyon yo nan tarif minimòm obligatwa yo; epi pa ranbouse founisè yo nan tarif yo mande yo.
- **MVP HealthPlan, Inc.**, ki te resevwa yon amann **1 milyon dola** paske yo pa t peye reklamasyon yo nan to minimòm obligatwa yo epi yo pa ranbouse founisè yo nan tarif obligatwa yo.

Biwo Sante Mantal kontwole òganizasyon swen jere yo sou yon baz kontinyèl pou asire yo byen bay manm yo sèvis sante konpòtmantal pou manm yo. Sondaj sible yo idantifye pwoblèm ki ka mande kontwòl konfòmite ak aksyon korektif.

Ajans la te travay an patenarya ak Depatman Sante Eta New York pou bay aksyon règleman a. Depatman Sante gen otorite legal pou aplike amann epi fè respekte konfòmite nan pwogram Medicaid la.

**Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Plan swen sante jere yo gen yon obligasyon legal pou kouvri reklamasyon lejitim pou sèvis sante konpòtmantal epi ranbouse tretman sa a nan tarif lalwa preskri. Konpayi yo ki kontinye respekte règleman sa yo ap enpoze yon gwo baryè ki finalman dekouraje Nouyòkè yo pou yo jwenn swen sante mantal yo bezwen yo. Eta New York ap rann konpayi asirans Medicaid yo responsab epi konpayi asirans sa yo ki pa respekte lalwa pral fè fas ak gwo sanksyon".

**Komisè Depatman Sante a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Eta New York te aplike yon estrateji anba direksyon Gouvènè Hochul ki rann konpayi asirans yo responsab paske yo pa kouvri kòmsadwa tretman sante konpòtmantal. Sanksyon sa yo demontre yon apwòch milti-ajans pou simonte obstak Nouyòkè yo rankontre pou yo resevwa sèvis swen sante mantal yo bezwen yo".

Dapre plan enpòtan Gouvènè Hochul pou amelyore sistèm swen sante mantal New York la, eta a te antreprann plizyè mezi ki asire ke Nouyòkè yo gen asirans yo ki kouvri yo lè y ap itilize sante mantal enpòtan. Lejislasyon yo te adopte nan kad bidjè Eta ane fiskal 2024 la entèdi plan asirans komèsyal yo refize asirans pou sèvis pasyan ki entènè ki nesèsè sou plan medikal, ki gen ladan sèvis kowòdinasyon swen pou sove lavi yo.

Kounye a, plan komèsyal yo oblije adopte disponiblite randevou ak estanda aksè jeyografik pou sèvis sante konpòtmantal, epi kouvri tout sèvis klinik sante mantal yo bay nan lekòl yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te garanti lejislasyon ki egzijè founisè yo peye omwen tarif ranbousman Medicaid pou swen yo bay nan klinik sa yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418